

Vizcaya te bati kòm rezidans sezon ivè òmdafè vil Chikago James Deering (1859–1925). Jodiya li se yon Edifis Nasyonal Istorik e yon mize akredite. Misyon nou se pou prezèv Vizcaya pou angaje kominote nou an ak moun kap vizite yo pou aprann atravè lèza, listwa ak anviwonnan an.

Vizcaya te orijinalman 180 kawo tè ki te gen ladan li Mezon Prensipal, jaden yo ak Vilaj la—yon gwoup biling anfas South Miami Avenue ki loje anplwaye yo epi ki gen yon atelye machin ak fonksyon fèm agrikol pou kay la. Gen anviwon 50 kawo tè sa yo ki rete toujou.

Se twa nèg ki te kreye Vizcaya ansanm ak Deering: F. Burrall Hoffman (1882–1980) te kreye

konsepsyon biling yo; Diego Suarez (1888–1974) te fè plan janden yo; epi Paul Chalfin (1873–1959) se te direktè atistik pou tout pwojè a.

Deering ak konseptè li yo te inspire pa gwo kay an Ewòp yo, patikilyèman an Itali, epi yo adapte modèl sa yo a anviwonnan soutwopikal Vizcaya a. Pandan ke Vizcaya ka byen, lè w fèk wè li, sanble li pa nan plas li nan Miami, men li genyen sal ki ouvè anplennè, plant endijèn ak materyo lokal ki konekte pwopriyete a ak andwa li.

Konsti nan dezan (1914–1916), Gwo Kay la sipoze parèt ansyen, kòm si yon fanmi tap viv ladan depi plizyè syèk. Kay la gen ladan li chedèv atistik ak mèb ki te kolekte an Ewòp ak Etazini ansanm

ak dè atik ki te espesifikman kreye pou Vizcaya. Li genyen tou teknoloji inovatè ak konfò modèn nan koumansman lane 1900 yo.

Jaden byen desinen yo, komplete an 1922, gen ladan yo plantasyon jewometrik, estrikti achitekti ak eskilti. Jaden yo sitiye ant yon rivaj mangliye ak yon espès lokal. Desizon Deering pou li prezèv andwa sa yo epi konsti Gwo Kay la sou Biscayne Bay distenge li kòm youn nan premye ekolojis Miami.


Apre lamò Deering, yon ti gwoup anplwaye antretni pwopriyete a, epi eritye li yo itilize li detanzantan. Siklòn 1926 la, ki te devaste anpil pati nan Miami, te kraze Vizcaya anpil. Nyès Deering yo ak mari

yo te pase anpil ane ap eseye etabli Vizcaya kòm yon mize pou publik la amize yo. An 1952, yo bay Konte Miami-Dade li, epi li vin louvri kòm yon mize nan lane swivan an.

Depi lè sa a, Vizcaya organize plizyè evennman eta epi dè milye rezidan ak vizitè Miami-Dade chwazi komemore okazyon enpòtan nan lavi yo isit la.


Tanpri pou ede nou pwoteje Vizcaya pou jenerasyon kap vini yo, pa manyen okenn nan sifas oswa objè istorik yo.

PREMYE ETAJ





DEZYÈM ETAJ





LEJANN



1. Pisin Semisikilè
2. Patè
3. Chemen Pwomnad Estati Lès ak Lwès

4. Kaskad Bit Mòn ak Gwòt yo
5. Kazino
6. Pisin

